МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ

МКОУ СОШ с.п. Черная Речка

РАССМОТРЕНО	СОГЛАСОВАНО	УТВЕРЖДЕНО
ШМО	Зам.дир.по УВР	Директор школы
Бжамбаева З.А.	Бжамбаева З.А.	Ф.М.Шидова
Протокол№1	Приказ №172-ОД от	Приказ №172-ОД от
от «31» 08 2026 г.	«31»08.2026г.	«31» 08.2026г.

РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

учебного предмета «РОДНОЙ (КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКИЙ) ЯЗЫК»

для обучающихся 1-4 классов

I. Пояснительная записка

Рабочая программа по родному (кабардино-черкесскому) языку для 1-4 классов составлена на основе:

- федерального государственного образовательного стандарта начального общего образования, утвержденного приказом Министерства образования и науки РФ от 31 мая 2021 г. № 286 (https://fgosreestr.ru/educational_standard/federalnyi-gosudarstvennyi-obrazovatelnyi-standart-nachalnogo-obshchego-obrazovaniia)

-примерной программы по родному (кабардинскому) языку под редакцией И.П. Варквасовой, одобренной решением федерального учебно-методического объединения по общему образованию (протокол от 28 сентября 2021 г. № 4/21) (https://fgosreestr.ru/oop/primernaia-obrazovatelnaia-programma-uchebnogo-predmeta-rodnoi-kabardinskii-iazyk-dlia-1-4-klassov-nachalnogo-obshchego-obrazovaniia)

ОБЩАЯ ХАРАКТЕРИСТИКА УЧЕБНОГО ПРЕДМЕТА «РОДНОЙ (КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКИЙ) ЯЗЫК»

Изучение учебного предмета «Родной (кабардино-черкесский) язык» начинается на уровне начального общего образования, его изучение в начальной школе представляет собой первый этап языкового образования и речевого развития обучающихся.

В процессе знакомства со структурными единицами кабардино-черкесского языка, обучающиеся осознают их роль и функции, а также связи и отношения, существующие в системе кабардино-черкесского языка и в речи. Усвоение морфологической и синтаксической структуры языка, правил строения слова и предложения, графической формы букв осуществляется на основе формирования символико-моделирующих учебных действий с языковыми единицами.

Формирование у младших школьников представления о лексике кабардино-черкесского языка способствует, в свою очередь, развитию понимания материальной природы языкового знака (слова как единства звучания и значения).

Важная роль отводится ознакомлению с понятиями из области словообразования, морфологии и синтаксиса. Освоение грамматических понятий на начальном уровне способствует общему умственному и речевому развитию обучающихся. Так, они знакомятся с необходимыми интеллектуальными операциями анализа, синтеза, сравнения, сопоставления, классификации и обобщения, что в дальнейшем послужит основой для формирования общих учебных и познавательных универсальных действий.

Изучение учебного предмета «Родной (кабардино-черкесский) язык» предусматривает межпредметные связи с другими учебными предметами гуманитарного цикла, в первую очередь с учебным предметом «Литературное чтение на родном (кабардино-черкесском) языке».

ЦЕЛИ И ЗАДАЧИ ИЗУЧЕНИЯ УЧЕБНОГО ПРЕДМЕТА «РОДНОЙ (КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКИЙ) ЯЗЫК»

Цель изучения учебного предмета «Родной (кабардино-черкесский) язык» – развитие элементарной коммуникативной компетенции обучающихся на доступном уровне в основных видах речевой деятельности: слушание, говорение, чтение и письмо; воспитание и развитие личности, уважающей языковое наследие многонационального народа Российской Федерации.

Задачи изучения учебного предмета «Родной (кабардино-черкесский) язык»:

– развитие у обучающихся патриотических чувств по отношению к кабардино-черкесскому языку: любви и интереса к нему, осознания его красоты и эстетической ценности, гордости и уважения к родному языку;

– развитие у обучающихся диалогической и монологической устной и письменной речи, коммуникативных умений, нравственных и эстетических чувств, способности к творческой деятельности на кабардино-черкесском языке;

– формирование первоначальных знаний о системе и структуре родного (кабардино-черкесского) языка: фонетике, орфоэпии, графике, орфографии, лексике, морфемике, морфологии и синтаксисе;

– формирование навыков культуры речи в зависимости от ситуации общения; умений составлять несложные письменные тексты-описания, тексты-повествования и рассуждения.

В результате изучения учебного предмета обучающиеся научатся осознавать и использовать кабардино-черкесский язык как средство общения, познания мира и усвоения культуры кабардино-черкесского народа.

У обучающихся последовательно сформируются эмоционально-ценностное отношение к родному языку, интерес к его изучению, желание умело им пользоваться в разных ситуациях общения, правильно писать и читать, участвовать в диалоге, составлять несложные устные монологические высказывания и письменные тексты. Через воспитание позитивного эмоционально-ценностного отношения к родному языку у обучающихся закладываются основы гражданской культуры личности.

Рабочая программа разработана:

- с основной образовательной программой начального общего образования МКОУ СОШ с.п.Черная Речка

- с Положением о рабочей программе учебного предмета (курса) педагога МКОУ СОШ с.п.Черная Речкареализующего ФГОС НОО.

Рабочая программа составлена на уровень начального общего образования и предназначена для изучения родного (кабардино-черкесского) языка по учебным пособиям:

1. «Азбука», под редакцией И.П.Варквасовой, М.Т.Кардановой, издательства «Эльбрус»-2020 г,
2. «Кабардинский язык 2 класс» под редакцией О.Х.Кардановой, Ж.А.Хубиевой, издательства «Эльбрус»-2020г.,
3. «Кабардинский язык 3 класс», под редакцией Хубиевой Ж.А., Татаровой Ф.Ж. издательства «Эльбрус»-2020г.,
4. «Кабардинский язык» 4 класс под редакцией М.Л. Карданова, К.Х. Дыговой, издательства «Эльбрус»-2020г.,

Допущенные Министерством просвещения и науки РФ к использованию в образовательной деятельности в общеобразовательных учреждениях и утвержденный приказом Министерства просвещения и науки РФ от 20 мая 2020 года № 254. (с изменениями и дополнениями)

№	Автор/авторский коллектив	Наименование учебника	Класс	Наименование издателя(ей) учебника
1	Варквасова И.П. Карданова М.Т.	Азбука	1	«Эльбрус», 2020
2	Варквасова И.П. Карданова М.Т.	Iэрытх (пропись)	1	«Эльбрус», 2020
3	Карданова О.Х., Хубиева Ж.А.	«Адыгэ тхыбзэ» Кабардинский язык	2	Издательство «Эльбрус», 2020
4	Хубиева Ж.А., Татарова Ф.Ж.	«Адыгэ тхыбзэ» Кабардинский язык	3	Издательство «Эльбрус», 2020

5	Карданов М.Л., Дыгова К.Х.	«Адыгэ тхыбзэ» Кабардинский язык	4	Издательство «Эльбрус», 2020

Описание места учебного предмета в учебном плане

В соответствии с учебным планом МКОУСОШ с.п.Черная Речка на изучение родного (кабардинского) языка в 1-4 классах отводится 235 часов из расчета: в 1

классе 66ч (33 учебные недели, 2ч/н), во 2-х классах по 51 ч.(34 учебные недели, 2/1 ч/н в 1 полугодии, 1/2 во 2-м полугодии), в 3-х классах по 51 ч (34 учебные недели, 2/1ч/н в 1 полугодии, 1/2 во 2-м полугодии), в 4-х классах по 34 ч (34 учебные недели 1ч/н)

2. Планируемые результаты освоения учебного предмета.
Дызыпэплъэ ехъулIэныгъэхэр

1 класс

Личностнэ ехъулIэныгъэхэр:

- еджакIуэм езым еджэныгъэм хуиIэ щытыкIэр, еджэныгъэм тэмэму хущытын, и къэухьым зегъэужьыным иужь итын, щIэуэ зыгуэр къищIэну хуеин, иIэ щIэныгъэм хигъэхъуэныр;
- зыщыщ лъэпкъым теухуауэ гурыIуэгъуэ;
- Хэкур фIыуэ лъагъунымрэ абы ирипэгэнымрэ;
- дуней дыкъэзыухъуреихьым теухуауэ гурыIуэгъуэ;
- щIыуэпсым, псэ зыIут псоми хуэсакъыныр;
- бзэ зэмыщхьхэм ирипсалъэ лъэпкъхэм пщIэ хуэщIыныр;
- и анэдэлъхубзэм ирипсэлъэным иригушхуэныр;
- зыхэт цIыхухэм ялэжь Iуэхухэм хабзэ хэлъу, щэныфIэу хущытыныр;
- щIыуэпсым и теплъэ е нэгъуэщI сурэт лIэужьыгъуэхэм тепсэлъыхьыфыныр;
- гуапагъ, пэжагъ, гууз-лыуз, пэджэж, напэ, н. гурыгъу-гурыщIэхэр зыхищIэныр;
- егъэджакIуэм, балигъым, къыдеджэхэм зэрыдэлэжьэфыным ехьэлIауэ гурыIуэгъуэ иIэхэм зегъэужьыныр.
- **Метапредметнэ ехъулIэныгъэхэр:**

ПредметзэпыщIэ ехъулIэныгъэхэм: унэтIыныгъэ***(регулятивные),*** щIэныгъэ иIэным, щIэуэ зыгуэр къищIэным хущIэкъуныр (***познавательные***), хуиту псалъэмакъым хэшэныр, псоми бгъэдыхьэкIэ къыхуигъуэтыныр ***(коммуникативные),*** бзэ, бзэщIэныгъэ,

культуроведческэ компетенцэхэр щызэхалъхьэкIэ икIи абыхэм зыщрагъэужькIэ Федерал къэрал егъэджэныгъэ къупхъэм ипкъ иткIэ зэпэщ ящIыр:

– еджэныгъэ лэжьыгъэм и пщэрылъхэмрэ зыхуэунэтIахэмрэ еджакIуэм зыхищIэныр, ар зыIэрыгъэхьа хъунымкIэ хэкIыпIэхэр къилъыхъуэныр;

– лъыхъуэн, къэгъэщIын Iуэхугъуэхэм къалъыкъуэкI мыщхьэпэхэр зэрызэфIихын хэкIыпIэ иубзыхуныр;

– къыхуагъэува Iуэхугъуэр зэхигъэкIын щхьэкIэ, и лэжьэкIэныр ипсыхьыфрэ зыкIэлъыплъыжыфу икIи нэхъ къезэгъ бгъэдыхьэкIэр къыхигъэкIыфыныр;

– къыщIехъулIэ/къыщIемыхъулIэ щхьэусыгъуэр къыгурыIуэрэ къемыхъулIапэу щытми, къызэрехъулIэным хущIэкъуу зэгъэпэщауэ лэжьэфыныр;

– езыр-езыру зыкъихутэжынымкIэ зэфIэувэныр;

– бзэм и Iэмалхэмрэ информацэ, коммуникацэ технологиехэмрэ езым щIэуэ зыгуэр къищIэным хущIэкъун къалэныр щигъэзащIэкIэ къигъэсэбэпыныр;

– псалъалъэ зэмылIэужьыгъуэхэм зыхуей къыщыгъуэтын, зэхуэхьэсын, елэжьын, зэхэдзын, анализ щIын, нэгъуэщIым Iэрыгъэхьэн, къэIуэтэжыфын, зыщIыпIэ къыщыпсэлъэфыныр;

– текст зэхуэмыдэхэм, жанр зэмыщхьхэм къеджэфыныр, зытепсэлъыхьым теухуауэ и бзэм зэхъуэкIыныгъэ иригъэгъуэтыфыныр, жьабзэу, тхыбзэу текстхэр зэригъэпэщыфыныр;

– зэгъэпщэныгъэ, зэгъэуIуныгъэ, анализ сыт хуэдэхэр зы гупсысэм тету иухуэфыныр, зым зыр къыпкърыкIыу е къыпкърыкIынкIэ хъуну зэрыщытым егупсысыфыныр;

– и псэлъэгъум едэIуэфыныр, диалог иригъэкIуэкIыфыныр, зы Iуэхум еплъыкIэ зэхуэмыдэхэр зэриIэфынур къыгурыIуэрэ псоми щIэдэIуфу щытыныр, щапхъэхэр къигъэсэбэпурэ псэлъэфыныр;

– гуп псом зы мурад зэраIэфынур, абы узэрыхуэкIуэфыну гъуэгур убзыхуныр, гупым хэт дэтхэнэ зыми зы къалэн зэриIэныр, зыр зым кIэлъыплъыж зэрыхъунур, езым и лэжьыгъэм еплъыжрэ адрейми и лэжьыгъэр илъагъуныр, къипщытэныр;

– зэгурымыIуэныгъэр псалъэмакъ къыхэмыкIыу зэфIихыфыныр, зым и фейдэ мыхъуу псори зэакъылэгъу зэрызэхуищIыныр.

УнэтIыныгъэ зэфIэкIхэр псыхьа хъунымкIэ еджакIуэм къехъулIэн хуейщ:

– егъэджэныгъэ екIуэкIым и Iыхьэ зэрыхэлъыр, лэжьыгъэм и кIуэкIэм кIэлъыплъын зэрыхуейр къыгурыIуэныр;
– алгоритм тету, план зэхилъхьам тетуи псалъэкIэ тепсэлъыхьыжыфу егъэсэн, зэкIэлъыкIуэу лэжьэныр, илэжь Iуэхугъуэм тепсэлъыхьыфу есэныр; темэм щыгъуазэ зыщищIкIэ алгоритмым тету елэжьыным егъэсэн;
– егъэджакIуэмрэ и гъусэхэмрэ и лэжьыгъэм кърикIуам щыуагъэ хэтмэ, зэпкърихыжыфыныр;
– и лэжьыгъэм теухуауэ егъэджакIуэм, балигъым, и классэгъухэм къажриIа псалъэхэр къыгурыIуэныр;
– лэжьыгъэр къыщехъулIа къыщемыхъулIа щхьэусыгъуэхэр зэхигъэкIыфыныр;
– жьабзэ, тхыбзэ, гурыгъуазэхэр къигъэсэбэпурэ егъэджэныгъэ лэжьыгъэхэр зэфIихыныр.
– проблемэ игъэуврэ абы и жэуапыр къилъыхъуэу, къигъуэту егъэсэн, мыхъуахэр зэригъэзэхуэжыфу, лэжьыгъэр къипщытэфу;

Познавательнэ зэфIэкIхэр псыхьа хъунымкIэ еджакIуэм къехъулIэн хуейщ:

еджакIуэхэм я бзэм я къэухьым зегъэужьыныр,

– езыр-езыру, гуп хэту лэжьэфу есэн, темэм теухуауэ ящIэр рассказ кIэщIым къыщаIуэтэжын;
– къыжраIэр зэхихрэ псалъэкIэ зэхуэмыдэхэр къыгурыIуэу есэныр,;
– «Азбукэм» е нэгъуэщI тхылъым и напэкIуэцхэм (тхылъ, тхылътебзэ, форзац, напэкIуэцI, зэрыгъуазэ дамыгъэ, графическэ дамыгъэхэр, псалъащхьэхэр, н.) щыгъуазэу хуэIэижьу щытыныр, апхуэдэу электрон Iэмалхэми щыгъуэзэныр;
– тексту, таблицэу, схемэу илъагъухэр къыгурыIуэрэ абыхэм елэжьыфу есэныр;
– урокым и пэщIэдзэм ягъэува къалэныр егъэджакIуэр и гъусэу зэфIэгъэкIыфыныр;
– текстым зэрелэжь Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къэгъэсэбэпыныр (мыхьэнэ нэхъыщхьэ, купщIэ, (ключевое слово) къыхэджыкIын, къыхэтхыкIын, псалъэ дэгъэхуахэр хэгъэувэжын, н.)
– щхьэхуэурэ щыт хьэрфхэр, дамыгъэхэр, сурэтхэр е псалъэхэр зы гупу зэуIу щIын, зэхэгъэувэжын (егъэджакIуэр кIэлъыплъу);
– лэжьыгъэр щигъэзащIэкIэ бгъэдыхьэкIэ зэмылIэужыгъуэхэр къигъэсэбэпыфу есэн;

Коммуникативнэ зэфIэкIхэр псыхьа хъунымкIэ еджакIуэм къехъулIэн хуейщ:

- упщIэхэр гъэувын, адрейхэм едэIуэфу, упщIэхэм жэуап иритыфу есэн;
- езым и еплъыкIэ иIэжу, я фIэщ ищIыфу, хуиту псалъэмакъым хешэф, псоми бгъэдыхьэкIэ къахуигъуэту йосэ;
- зэпсалъэр зэхихрэ нэгъуэщIым я псалъэр зэхихыу есэныр;
- диалогым, гуп уэршэрым хэтыфыныр, псалъэкIэ хабзэхэр имыкъутэу;
- егъэджакIуэм, и ныбжьэгъухэм щепсалъэкIэ къезэгъ псалъэкIэ иухуэныр:
- IуэхуеплъыкIэ зэмылIэужыгъуэ щыIэхэр къилъытэныр, езым и IуэхуеплъыкIэр къигъэлъэгъуэфрэ щапхъэкIэ игъэбыдэфыныр;
- гъусэ иIэу лэжьэфрэ адрейм гурыIуэфыныр, и гъусэм гуапэу, пщIэ хуищIу бгъэдэтыныр;

ПредметымкIэ ягъуэтыпхъэ ехъулIэныгъэхэр:

ФГОС-м ипкъ иткIэ зэпэщ ящI:

- щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ адыгэбзэм ехьэлIа лъабжьэ егъэтIылъ: фонетикэмрэ графикэмрэ, лексикэр, псалъэ къэхъукIэр, морфологиер, синтаксисыр, бзэм и **къэгъэсэбэпыкIэ** мардэхэр;
- макъхэр, хьэрфхэр, псалъэ лъэпкъыгъуэхэр зэхигъэкIыфрэ бзэхабзэм тету ахэр къигъэсэбэпыныр;
- къэралым бзэ куэд щызекIуэ пэтми, ахэр псори зы къэралым и къулеягъыу, бзэр лъэпкъым и гупсысэр къызыхэщыжу зэрыщытыр;
- адыгэбзэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэралыбзэу зэрыщытыр;
- жьабзэ, тхыбзэ пэжыр зыIурылъ цIыхум культурэшхуэ зэрыбгъэдэлъыр;
- адыгэ литературэбзэм ехьэлIауэ пэщIэдзэ лъэбакъуэхэр егъэчыныр;
- уэршэрым и мурад, Iэмал, хэкIыпIэхэр ихутэфрэ псэлъэкIэ сыт хуэдэ Iуэхугъуэми хуигъуэтыфыныр.

Предметнэ ехъулIэныгъэхэр:

ФонетикэмкIэ. Бзэм и макъхэр. Псалъэм хэт макъхэмрэ а псалъэм и мыхьэнэмрэ. Псалъэм хэт макъхэмрэ ахэр зэрызэкIэлъыхьамрэ. Зы макъ, макъитIкIэ зэщхьэщыкI псалъэхэр зэгъэпщэн, зэлъытын. Псалъэм хэт макъхэм я модель щIын. Псалъэхэм я модельхэр зэгъэпщэн.

Моделымрэ псалъэхэмрэ зэхуэхьын е моделым псалъэ щапхъэ къыхуэхьын.
Макъзешэхэмрэ макъ дэкIуашэхэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр щIэн. Макъзешэхэм уларенэ зытехуэмрэ зытемыхуэмрэ зэхигъэкIыфу есэн. Макъ дэкIуашэхэр: жьгъыжьгъхэмрэ дэгухэмрэ, пIытIахэр, Iупэ зыухъурейхэр.
Пычыгъуэ. Макъзешэ дапщэ псалъэм хэтми, апхуэдиз пычыгъуэу псалъэр мэхъу. Псалъэр пычыгъуэу зэпыудын.
Графикэ. Макъхэмрэ хьэрфхэмрэ зэхицIыхукIын, хьэрфыр макъыр къызэрагъэлъагъуэ дамыгъэу зэрыщытыр. Макъхэр тхыгъэм хьэрфкIэ къыщагъэлъагъуэ. Адыгэ алфавитыр хьэрф 59 мэхъу. ъ, ь дамыгъэхэм я мыхьэнэр.
Къеджэн. Пычыгъуэкlэ зэпыудауэ псалъэхэм къеджэфу есэн (хьэрф дэкIуашэ зи япэ ит слияниехэр). Пычыгъуэкlэ еджэфу зригъэса нэужь, псалъэ псохэм къеджэурэ къеджэкIэм и псынщIагъыр сабийм и цIыхущIыкIэ елъытауэ зегъэужьын. Псалъэхэм, псалъэ зэпхахэм, псалъэухахэм, текст кIэщIхэм я мыхьэнэр къыгурыIуэу еджэн. Нагъыщэхэм елъытауэ интонацэхэр, зэпыугъуэхэр(пауза) кигъэсэбэпурэ къеджэн. Текст мыинхэм, усэхэм къеджэкIэрэ гъэхуауэ къеджэныгъэм зегъэужьын. Орфоэпическэ къеджэныгъэм щыгъузэ щIын (псалъэ псохэм къеджэфу еса нэужь). Орфографическэ къеджэныгъэр къэгъэсэбэпын диктант щатхэкIэ е къыщратхыкIкIэ(хьэрфхэр зэрызурэ жыIэн).
Тхэныгъэ. ЕгъэджакIуэр ядэIэпыкъуурэ тхэныгъэм и хабзэ нэхъыщхьхэр ищIэн. Iэхъуамбэ цIыкIухэр тхэныгъэм хуезыгъасэ, зезыгъэужь лэжьыгъэхэм щыгъуэзэн. Тетрадым и напэкIуэцIым, доскам щыгъуазэн. Хьэрфхэр – зэрыбкIэ тедзахэри, Iэрытхыу тхари хьэрфышхуэри хьэрф цIыкIури итхыфу щытын. Хьэфхэр, хьэрф зэгуэтхэр пычыгъуэхэр, псалъэхэр, псалъэ зэпхахэр хабзэ пыухыкIам тету итхыфын. И хъэтIыр егъэфIэкIуэным, къабзэу тхэным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр ящIэн. Зыкъипщытэжын щхьэкIэ тхылъым ит псалъалъэмрэ пэжырытхэ псалъалъэмрэ къигъэсэбэпу. Къеджэу щрагъэтхкIэ е щытритхыкIкIэ, езым къипсэлъу. Тхылъымрэ доскамрэ итыр щыуагъэншэу къритхыкIыу. Бзэхабзэхэм тету къызыхуеджэ текстхэр итхыфу. Клавиатурэмкlэ тедзэным и пэщIэдзэ есэныгъэхэр зригъэгъуэтын. Хьэрф, псалъэ дэгъэхуахэр дагъэувэжыфу есэн. Псалъэр пэжу итхарэ имытхарэ къызэрипщытэжын Iэмалхэм щыгъуазэ зищIын.

Псалъэмрэ псалъэухамрэ. Псалъэр зэлэжьыпхъэ анализ щIын хуей щыIэныгъэу (объект) зэрыщытыр ищIэн. Псалъэм и мыхьэнэм кIэлъыплъын. Псалъэухамрэ псалъэмрэ зэхицIыхукIын. Псалъэухам елэжьын: псалъэ къыхэгъэщын, псалэхэр зэблэгъэувыкIын. КъэпсэлъыкIэм(интонацэм) кIэлъыплъын. Интонацэр къилъытэурэ псалъэухам и модель ищIыфу есэн.

Бзэм зегъэужьын. Бзэм зегъэужьынымкIэ предмет щытыпкъэу еджакIуэм зэригъэгъуэтынущ: урокым жьабзэу щекIуэкI уэршэрым хэтын; Iуэхур зэфIэха хъунымкIэ и еплъыкIэ къигъэлъэгъуэфын; тхылъым ит текстым къеджэрэ зыхуей гупсысэр къыхихыфрэ пщэрылъ къыхуащIам елъытауэ абы дэлэжьэжыфын; бзэм ехьэлIа Iуэхугъуэ зэфIигъэкIын щхьэкIэ, псалъалъэ къэгъэсэбэпын; жьабзэмрэ тхыбзэмрэ зэхэгъэкIыфын; диалогыр къыхигъэкIыфын, абы иIэ щхьэхуэныгъэхэр ищIэн; текстымрэ псалъэ е псалъэуха гуп купщIэншэу зэхэдзамрэ зэхигъэкIыфын; текст зэхэгъэзэрыхьам псалъэухахэр я пIэ щригъэувэжыфын; текстыр зытеухамрэ гупсысэмрэ къыхигъэкIыфын, псалъащхьэ е фIэщыгъэ хуищIыфын; зэраIуатэ текстым и упщIэхэм къеджэрэ абыхэм я жэуапхэр къигъуэтыфын; сурэткIэ е упщIэкIэ текст зэхэгъэувэфын; щIэдзапIэ е кIэух иIэмкIэ текстыр зэфIигъэувэфын.

ЕджакIуэм зригъэсэну къехъулIэнущ: езым и бзэмрэ нэгъуэщIым еймрэ анализ хуэщIу; егъэджакIуэм игъэува упщIэм жэуап щраткIэ, езым и ныбжьэгъухэм я бзэм и ухуэкIэр, пэжагъыр къилъытэн; тхылъым и псалъалъэм хэт щапхъэхэр къэпсэлъыкIэ, тхыкIэ хабзэхэм тригъэтыныр; темэмрэ купщIэмрэ елъытауэ текстым цIэ фIищыныр; текст зэмылIэужьыгъуэхэр зэхигъэкIыныр; зэраIуатэ, зэрытепсэлъыхь рассказ зэхигъэувэныр; псалъэухахэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр къихутэныр; сюжетнэ сурэт зэпыщIахэмкIэ рассказ кIэщI цIыкIу иубзыхун; тхыгъэм и пэжагъым кIэлъыплъыжын, щыуагъэ къызэрыгуэкIхэр къигъуэтыжын.

ЕджакIуэм зригъэсэнущ: определенэ ирамыту адыгэбзэм щызэхацIыхукIыфу щытыпхъэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр: псалъэуха, псалъэ, пычыгъуэ, пычыгъуэм и къэхъукIэр, бзэм и макъхэр, макъзешэ, макъ дэкIуашэ, хьэрф, Iэрытх, зэрыб, хьэрфышхуэ, хьэрф цIыкIу, точкэ, упщIэ нагъыщэ. Абыхэм я цIэ къипIуэмэ, я гугъу пщIымэ: зищIысыр къагурыIуэу, еджэныгъэм хэту щрихьэлIэкIэ, езыхэми абыхэм я цIэ къраIуэфу щытын хуейщ.

ЕджакIуэм зригъэсэну ехъулIэнущ:

ЕджакIуэхэм я япэ тхылъым, Азбукэм ит художественнэ тхыгъэхэм (е зи гугъуагъкIэ абыхэм хуэдэ нэгъуэщI гуэрхэм) уакъыхуеджэмэ, а зыхахыр псалъэухаурэ зэхаубзыхукIыу щытын хуейщ.
Азбукэм ит тхыгъэхэм узыщрихьэлIэ хьэрф псоми къеджэфу икIи къытратхыкIыфу щытын, нагъыщэхэр къагъэсэбэпынри хыхьэу.
Определенэ ирамыту мыхьэнэ куэд зиIэ псалъэхэм, синонимхэм, антонимхэм, омонимхэм теухуауэ пэщIэдзэ гурыIуэныгъэ къагъэлъэгъуэн.

2 класс
Личностнэ ехъулIэныгъэхэр:
УнэтIыныгъэ зэфIэкIхэр псыхьа хъунымкIэ еджакIуэм къехъулIэн хуейщ:

егъэджэныгъэ екIуэкIым и Iыхьэ зэрыхэлъыр, лэжьыгъэм и кIуэкIэм кIэлъыплъын зэрыхуейр къыгурыIуэныр;
алгоритм тету, план зэхилъхьам тетуи псалъэкIэ тепсэлъыхьыжыфу егъэсэн, зэкIэлъыкIуэу лэжьэныр, илэжь Iуэхугъуэм тепсэлъыхьыфу есэныр; темэм щыгъуазэ зыщищIкIэ алгоритмым тету елэжьыным егъэсэн;
егъэджакIуэмрэ и гъусэхэмрэ и лэжьыгъэм кърикIуам щыуагъэ хэтмэ, зэпкърихыжыфыныр;
и лэжьыгъэм теухуауэ егъэджакIуэм, балигъым, и классэгъухэм къажриIа псалъэхэр къыгурыIуэныр;
лэжьыгъэр къыщехъулIа къыщемыхъулIа щхьэусыгъуэхэр зэхигъэкIыфыныр;
жьабзэ, тхыбзэ, гурыгъуазэхэр къигъэсэбэпурэ егъэджэныгъэ лэжьыгъэхэр зэфIихыныр.
проблемэ игъэуврэ абы и жэуапыр къилъыхъуэу, къигъуэту егъэсэн, мыхъуахэр зэригъэзэхуэжыфу, лэжьыгъэр къипщытэфу;

Метапредметнэ ехъулIэныгъэхэр:

ПредметзэпыщIэ ехъулIэныгъэхэм: унэтIыныгъэ***(регулятивные),*** щIэныгъэ иIэным, щIэуэ зыгуэр къищIэным хущIэкъуныр (***познавательные***)**,** хуиту псалъэмакъым хэшэныр, псоми бгъэдыхьэкIэ къыхуигъуэтыныр ***(коммуникативные),*** бзэ, бзэщIэныгъэ, культуроведческэ компетенцэхэр щызэхалъхьэкIэ икIи абыхэм

зыщрагъэужькIэ Федерал къэрал егъэджэныгъэ къупхъэм ипкъ иткIэ зэпэщ ящIыр:
еджэныгъэ лэжьыгъэм и пщэрылъхэмрэ зыхуэунэтIахэмрэ еджакIуэм зыхищIэныр, ар зыIэрыгъэхьа хъунымкIэ хэкIыпIэхэр къилъыхъуэныр;

лъыхъуэн, къэгъэщIын Iуэхугъуэхэм къалъыкъуэкI мыщхьэпэхэр зэрызэфIихын хэкIыпIэ иубзыхуныр;
псалъэм и зэхэтыкIэм (лъабжьэм, кIэухым, префиксым, суффиксым) теухуа гурыIуэныгъэ къызэрыгуэкIхэм;

псалъэухам и кIэм, точкэм нэмыщI, зэрыупщIэ, хэIэтыкIа нагъыщэхэр зэрагъэувым, зыхуей псалъэр макъкIэ къыхагъэщыфыным хурагъаджэ, псалъэухам и кIэм щыт нагъыщэм елъытауэ къэпсэлъыкIэм зэрызрагъэхъуэжым щагъэгъуазэ

Псалъэухам и пкъыгъуэхэм еджакIуэхэр щыгъуазэ хъууэ щIадзэ етIуанэ классым. Къеджэныгъэ урокхэми грамматикэмкIэ урокхэми ахэр щрагъасэ зыгуэр зыхужаIэу е хужаIэу псалъэухахэм къыщыкIуа псалъэхэр къыхагъэщхьэхукIыфу. ЦIыкIухэм етIуанэ классым щызэрагъащIэ «подлежащэ», «сказуемэ» псалъэхэр, ещанэ классым къыщащIэ, подлежащэмрэ сказуемэмрэ нэмыщI, псалъэухам пкъыгъуэ етIуанэхэри хэтынкIэ зэрыхъум (ауэ ахэр зэригуэш лIэужьыгъуэхэр хэмыту). Апхуэдэу ещанэ классым хагъэхьэ псалъэ зэпхамкIэ гурыIуэныгъэ, «псальэ зэпха» терминри къагъэсэбэп.

Предметнэ ехъулIэныгъэхэр:

Адыгэбзэр фIыуэ щIэным, макъхэр тэмэму къапсэлъыфу хьэрфхэр гъэхуауэ, IэкIуэлъакIэу, зэхэщIыкIыгъуэу ятхыфу егъэсэн хуейщ е-2-нэ классым щыщIэдзауэ.

ТхэкIэ тэмэмым щелэжькIи, грамматикэмкIэ материалхэр щаджкIи гурыIуэгъуэу, зэхэщIыкIыгъуэу я пащхьэ илъхьэн хуейщ.

Дэтхэнэ зы тхыгъэ лIэужьыгъуэми къыдэкIуэу пэщIэдзэ классиплIми щыгъэзэщIэн хуейщ еджакIуэхэр къабзэу, дахэу, кьихыгъуафIэу икIи Iэмал зэриIэкIэ нэхъ псынщIэIуэу тхэф хъуным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр.

ХъэтIыр тхыгъуафIэу, къихыгъуафIэу, уеплъынкIи дахэу щытын папщIэ, тэмэму тхын хуейщ; а) **хьэрфхэр**; б) **псалъэхэр** (абы хэувэ хьэрфхэм я зэпхыкIэмрэ зэпэщIэхыныгъэхэмрэ тэмэму даIыгъыу); в) **псалъэухахэр** (абы хыхьэ псалъэхэм я

зэпэщIэхыныгъэхэр тэмэму даIыгъыу). Къабзэу тхэныгъэмкIэ ягъэзэщIэну лэжьыгъэхэм я къызэкIэлъыкIуэкIэнур дэтхэнэ классми езым и программэм къыщы-гъэлъэгъуащ, ахэр щагъэзэщIэну нэхъ къыщезэгъыр урокхэм деж езы егъэджакIуэр зэреплъкIэ игъэувыну хуитщ.

ЕджакIуэхэр егъэсэн хуейщ е-2-нэ классым щыщIэдзауэ тхылъыр тэмэму къагъэсэбэпыфу: хьэрф зэгуткIэ къэгъэлъэгъуа макъхэр, ахэр зыхэт пычыгъуэхэмрэ псалъэхэмрэ тэмэму къагъэсэбэпыфу, зи къэпсэлъыкIэмрэ зи тхыкIэмрэ зэтехуэ псалъэхэр диктанту ятхыфу, зи къэпсэлъыкIэмрэ зи тхыкIэмрэ зэтемыхуэ псалъэхэм кIэлъыплъыфу икIи я тхыкIэр къапщытэжыфу, хьэрфышхуэр псалъэухам, цIыхуцIэхэм, псэущхьэм фIащ цIэхэм я къыщIэдзапIэхэр ятхыфу, псалъэухар тхын щаухам и къэпсэлъыкIэм елъытауэ и кIэм нэгъыщэ ягъэувыфу, тэмэму лэжьыгъэхэр ягъэзэщIэфу, хъэтI дахэкIэ къратхыкIыфу. А псор тэмэму ящIэн папщIэ зэхэгъэуващ е-2-нэ классыр зэрылэжьэну программэр.

3 класс

Личностнэ ехъулIэныгъэхэр

ЕджакIуэм щIэныгъэ иIэным, щIэуэ зыгуэр къищIэным хущIэкъун компетенцэр къызэфIэзыгъэкI Iэмалщ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIыныр. Мыбдеж куэду къыщыхьащ апхуэдэ лэжьыгъэхэр. Ахэр текстхэм, тхыгъэ кIэщIхэм информацэ гуэр къыхэгъэщхьэхукIыныр, абы теухуауэ къэпсэлъэныгъэ кIэщI гъэхьэзырыныр, н. Текстхэм и кIэм къыщыхьа проблемнэ упщIэхэм и жэуап къалъыхъуэкIэрэ а къалэныр гъэзэщIа мэхъу. Проект цIыкIухэр, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр ягъэзащIэкIэрэ еджакIуэхэр хэша мэхъу гупым хэту, гъусэ иIэу, нэхъыжьхэм я гъусэу лэжьэфу есэным. А лэжьыгъэхэм еджакIуэр хурегъасэ цIыху хэтыкIэм, и гупсысэр иубзыхуу къиIуэтэным, цIыхухэм я пащхьэ иту зыкъигъэлъэгъуэным. Мурад щIа, гугъапIэ пыухыкIа иIэу щытмэ, еджакIуэм езым еджэныгъэм хуиIэ щытыкIэр унэтIыныгъэ, щIэныгъэ иIэным, щIэуэ зыгуэр къищIэным хущIэкъуныр, хуиту псалъэмакъым хэшэныр, псоми бгъэдыхьэкIэ къыхуигъуэтынымкIэ сэбэп мэхъу. Дерсым и пэублэу мурад щIынымрэ, къалэн зыхуэгъэувыжынымрэ хуэунэтIащ, еджакIуэхэм дерсым и кIуэцIкIи иужькIи еджэныгъэми къалэн пыухыкIахэр IэщIэмыхуу иригъэкIуэкIыныр.

Метапредметнэ ехъулIэныгъэхэр

ПредметзэпыщIэ ехъулIэныгъэхэм: унэтIыныгъэ ***(регулятивные),*** щIэныгъэ иIэным, щIэуэ зыгуэр къищIэным хущIэкъуныр (***познавательные***)**,** хуиту псалъэмакъым хэшэныр, псоми бгъэдыхьэкIэ къыхуигъуэтыныр ***(коммуникативные),*** бзэ, бзэщIэныгъэ, культуроведческэ компетенцэхэр щызэхалъхьэкIэ икIи абыхэм зыщрагъэужькIэ Федерал къэрал егъэджэныгъэ къупхъэм ипкъ иткIэ зэпэщ ящIыр:
еджэныгъэ лэжьыгъэм и пщэрылъхэмрэ зыхуэунэтIахэмрэ еджакIуэм зыхищIэныр, ар зыIэрыгъэхьа хъунымкIэ хэкIыпIэхэр къилъыхъуэныр;

Предметнэ ехъулIэныгъэхэр.
ЕджакIуэхэр щыпсалъэми нэгъуэщIхэм щедаIуэми зэхах бзэм абыхэм гулъытэ нэс хуащIу егъэсэн, макъ къэзыгъэлъагъуэ органхэм зегъэужьыным хущIэкъун. ПсэлъэкIэмкIэ яIэ есэныгъэмрэ зэфIэкIхэмрэ егъэфIакIуэ зэпыту щыгъэтын: мыпIащIэу, зэпIэзэрыту псэлъэным хуегъэсэн, щыпсалъэкIэ хьэуар тэмэму жьэдашэным, ику ит макъкIэ (мыкIийуэ икIи мыщэхуу) псалъэу, хуей щыхъум, макъым зрагъэIэту е ягъэлъахъшэу егъэсэн. Псалъэ псори къэпсэлъынымкIэ ягъуэта есэныгъэмрэ, яIэ хъуа зэфIэкIымрэ нэхъри егъэфIэ-кIуэн, псом хуэмыдэу ахэр зэрызэхэт макъ, пычыгъуэхэр, къэпсэлъыкIэм (орфоэпием) и хабзэхэм къезэгъыу, абы тещIыхьауэ уларенэр тэмэму псалъэм трагъэувэу. Адыгэбзэм и макъхэр тэмэму, щыуагъэншэу къэпсэлъыным, хуегъэсэн псынщIэрыпсалъэхэр, къебжэкIхэр, усэ цIыкIухэр, н. еджэгъуэ къэс къэгъэсэбэпкIэрэ. ЕджакIуэ щхьэхуэхэм я бзэм дагъуэ зэриIэм къыхэкIыу, мытэмэму къапсэлъ макъхэр гъэзэкIуэжыным еджэгъуэм щелэжьын.

ЕджакIуэхэм ящIэ псалъэ бжыгъэр гъэбелджылын, абы хэгъэхъуэн икIи ахэр жыджэру къагъэсэбэпу егъэсэн. Псалъэхэр IэкIуэлъакIуэу къэсэбэпын – предметхэм, Iуэхущlафэхэм зэреджэр – абыхэм къагъэлъагъуэ мыхьэнэр къыжаIэфын. Предметхэм я щытыкIэхэм тещIыхьауэ ахэр зэрызэгухьэ е зэрызэщхьэщыкIыр убзыхун, къызэщIэзыубыдэ мыхьэнэ зиIэхэмрэ

4 класс
Личностнэ ехъулIэныгъэхэр:

- еджакIуэхэр я бзэм, я тхыбзэм, я гупсысэкIэм зегъэужьын;
- Псалъэуха е тхыгъэ къызэджахэм теухуауэ егъэджакIуэм и упщIэхэм жэуап тэмэм иратыфу егъэсэн.
- Къызэджа зы Iуэхугъуэ гуэрым ехьэлIа псалъэ зыбжанэ къагъэсэбэпурэ, жьэрыIуатэу зыгуэрым и сурэт щIын. Зыщыгъуазэ гуэрыр зытепсэлъыхьым пыщэн, езыхэм къагупсыса гуэрхэр хэту. ЕджакIуэр къызэджа тхыгъэр зытепсэлъыхьым ещхьу езым и гъащIэм зыщрихьэлIа гуэр, егъэджакIуэм ярита сюжетым ипкъ иткIэ, гупсэхуу къаIуэтэжыфу егъэсэн.

- Сабийхэм я ныбжьым хуэкIуэу къуажэхьхэм убгъуауэ тепсэлъыхьын, усэ цIыкIу, псынщIэрыпсалъэ, псалъэжь, къебжэкI гуэрхэр гукIэ зрегъэгъэщIэн, ахэр зытеухуар къаIуэтэжыфу, хуэфэщэн къэпсэлъыкIэкIэ макъ зэхъуэкI ящIыфу егъэсэн.

Метапредметнэ ехъулIэныгъэхэр:

- макъхэр, ахэр къызэрагъэлъагъуэ хьэрфхэр, псалъэхэр пычыгъуэкIэ зэпаудыфу, ударенэ трагъэувэфу егъэсэн;
- псалъэухам хэт псалъэхэм яку дэлъ зэпхыныгъэхэр къахутэфу, яджа грамматическэ формэхэр къагъэсэбэпурэ псалъэуха зэхалъхьэфу, псалъэуха убгъуамрэ мыубгъуамрэ зэхагъэкIыфу, псалъэухам и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэмрэ етIуанэ пкъыгъуэмрэ къагъуэтыфу егъэсэн;
- псалъэ лъэпкъыгъуэхэр, абыхэм яхуэув упщIэхэм елъытауэ ахэр зэрызэщхьэщыкIыр, ахэр зэхъуэкIа зэрыхъур тэмэму зэхагъэкIыфу егъэсэн;
- бзэм и грамматическэ хабзэ гуэрхэр зэрагъэпэщыным, абы къыдэкIуэуи вывод щхьэхуэхэр щIыным, упщIэхэм жэуап етыным хуегъэсэн;
- бзэм къабзэу, шэрыуэу ирипсэлъэныр Iэмал имыIэу ящIэн зэрыхуейр къагурыгъэIуэн.

Предметнэ ехъулIэныгъэхэр:

Лексикэм теухуауэ ит лэжьыгъэхэм псалъэхэр нэхъыбэу ящIэным, ар къагъэсэбэпыфыным, я гупсысэр иузэщIыным имызакъуэу еджакIуэхэм псалъэм иIэ мыхьэнэмрэ абы и грамматическэ мыхьэнэмрэ зэхагъэкIыфу есэныгъэ ягъуэтыныр я къалэнщ.

ЕджакIуэхэм я гупсысэр зэм псалъэм къикI мыхьэнэм, зэм псалъэм къигъэлъагъуэ грамматическэ щытыкIэм хуэбунэтIмэ, абыхэм къыгурыIуэу щIадзэ а Iуэхугъуитыр зэрызэщхьэщыкIыр.

Псалъэ лъэпкъыгъуэхэр щаджым епхауэ псалъэм и лексическэ, и грамматико- орфографическэ мыхьэнэхэм зэрелэжьын лэжьыгъэу тхылъым итым нэмыщIи псалъэр зэрызэхэт IыхьэхэмкIэ зэрызэрапх, псалъэр къызэрыхъу щIыкIэхэм теухуа лэжьыгъэхэри къэлэжьын хуейщ.

КъэIуэтэныгъэ зэпхам теухуауэ бзэр, абы гъащIэм мыхьэнэуэ щиIэр, тхыгъэм и темэмрэ гупсысэ нэхъыщхьэ хэлъымрэ, тхыгъэр зэрыухуар (къызэрыщIидзэр, Iыхьэ нэхъыщхьэр, зэриухыр) къащIэфу, ятхыфу щытын хуейщ. Зэгъусэуи езыр-езыруи изложенэ, сочиненэ зэратхын план зэхалъхьэфу, планым тету текстыр зэхагъэувэфу е-4-нэ классыр къаухыну программэм къегъэув.

3.Содержание учебного предмета

Ирагъэдж предметыр зэрызэхэтыр:

I класс

Бзэр зыхурагъаджэ (ирагъэдж) предмету къапщтэмэ, абы и щытыкIэ нэхъыщхьэу къыхощ ар Iуэхугъуэ зыбжанэм теухуауэ (ехьэлIауэ) зэрыщытыр. Бзэр лъэныкъуэ зыбжанэкIэ ядж. Убгъуауэ къапщтэмэ, бзэм хохьэ:

- псэлъэныр (зыгуэр къэIуэтэнымрэ жаIэр зэхэщIыкIынымрэ);
- бзэмкIэ тхауэ щыIэр (ядж бзэмкIэ тхауэ щыIэ псори зэгъэуIуауэ);
- бзэм и зэхэлъыкIэ хабзэхэр (псалъэхэмрэ грамматикэмрэ).

Бзэр бэяну, белджылыуэ щызекIуэр къэIуэтэныгъэм (псэлъэным) дежщ. Адрей Iуэхугъуитым хэкIыпIэ яхуэхъур:

а) бзэр зыIурылъым ар къызэригъэсэбэпым кърикIуэхэращ (къихьахэрщ),

б) щIэныгъэлIхэм бзэр зэрызэхэлъ хабзэхэр зэраджам къигъэлъагъуэхэрщ (бзэм зэрызиужь, зэрызэхэлъ, зэрызихъуэж хабзэхэр).

А Iуэхугъуищри (бгъэдыхьэкIищри) стандартым къызэщIиубыдэм хыхьэн хуейщ:

Псэлъэныр – бзэр белджылыуэ, бэяну щызекIуэр (зыгуэр къэIуэтэныр) хохьэ, ар зэгъэщIэныр бзэм хуегъэджынымкIэ школым и мурад нэхъыщхьэу зэрыщытым къыхэкIкIэ, бзэмкIэ тхауэ щыIэхэмрэ бзэм и зэхэлъыкIэмкIэ хабзэхэр джа, къэхута зэрыхъуам кърикIуахэмрэ

щIыхагъэхьэр ахэр бзэм хуегъэджынымкIэ Iэмалу, хэкIыпIэу щытщи араш.

Зи стилрэ жанркIэ зэхуэмыдэу бзэмкIэ щыIэ тхыгъэхэм (лэжьыгъэхэм), дидактическэ материалу къагъэсэбэпхэм езы бзэр ирагъащIэ, абы и зэфIэкIхэм щыгъуазэ ящI; жьэрыIэзэу псэлъэным, псэлъэкIэ шэрыуэм и щапхъэхэр ягу ираубыдэкIэрэ езыхэр зэрыпсалъэ бзэм щыщ мэхъу.

Бзэм и зэхэлъыкIэ хабзэхэр, е нэгъуэщIу жыпIэмэ бзэм и зэхэлъыкIэмкIэ щIэныгъэм къихутахэр щIэныр дэIэпыкъуэгъу мэхъу бзэм езыр-езыру игъуэта щытыкIэхэр къагурыIуэу есэнымкIэ. Яджыр къагурыIуэу, зэхащIыкIыу щытмэ, абы къызэфIигъэкIынущ зэрызэрагъащIа щIыкIэр зыхуэдэр къэпщытэнри абы езым икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ еджакIуэхэм я зэфIэкIхэмрэ есэныгъэхэмрэ щрагъэфIакIуэ лъэхъэнэм.

Араща, анэдэлъхубзэм хуегъэджэным къызэщIиубыдэмрэ и зэхэлъыкIэмрэ къагъэлъагъуэ ядж Iуэхугъуэр (бзэр), абы и лъэныкъуэкIэ псори хыхьэу, ауэ школым щызэрагъэщIэн хуейм нэхърэ мынэхъыбэу, абы щыгъуэми гъащIэм бзэр къыщагъэсэбэпынымкIэ къыпэщыт къалэнхэр къызэфIигъэкIын хуэдэу.

Адыгэбзэр пэщIэдзэ классхэм щыджыныр хуэунэтIащ мыпхуэдэ мурадхэр зэгъэхъулIэным:

• школакIуэхэм я бзэм, я гупсысэкIэм, я зэхэщIыкIым зегъэужьыныр, здыхэт, зэпсалъэ(хэ)м елъытауэ бзэм и Iэмалхэр къыхихыфыныр, гукъэкIымрэ бзэр зэрызэхищIэмрэ егъэфIэкIуэныр;

• адыгэбзэм и лексикэм, фонетикэм, грамматикэм ятеухуауэ щIэдзапIэ хъу щIэныгъэ етыныр; бзэм и къэхъугъэ яджхэр нэхъ къызэрыгуэкI дыдэу зэрызэпкърихыфын зэфIэкI хэлъхьэныр;

• анэдэлъхубзэм пщIэ хуищIу, фIыуэ илъагъуу гъэсэныр, ар къабзэу хъума хъунымкIэ езым и пщэ къалэн къызэрыдэхуэр зэхегъэщIыкIым, къы-далъхуа псалъэр кууэ иджыным хуэущиныр, езым и бзэр зэрыригъэфIэкIуэным хущIэгъэкъуныр.

ПэщIэдзэ классхэм адыгэбзэмкIэ щагъуэт щIэныгъэхэм нэхъ мащIэ дыдэу Iэмал имыIэу къызэщIаубыдэн хуейхэр

ЕдэIуэныр. Псалъэмакъ зэхихыр къыгурыIуэныр.

Псэлъэныр. Здыхэт, зэпсалъэ елъытауэ бзэм и Iэмалхэр жьэрыIуатэбзэм къыщыгъэсэбэпыныр. Зыгуэрым епсэлъэныр, и закъуэу псэлъэным хуэшэрыуэ хъуныр (зыгуэр тепсэлъыхьыным,

хъыбар Іуэтэным, сабийхэм зыхащІыкІ темэ гуэрым хэпсэлъыхьыфыным). ЦІыху хэтыкІэм ехьэлІа хабзэхэр зэгъэщІэныр (фІэхъус тыкІэ, сэлам ехыжыкІэ, къыпхуагъэгъуну лъэІуэныгъэ, фІыщІэ щІыныгъэ, лъэІукІэ зыхуэгъэзэныгъэ). КъэпсэлъыкІэ, интонацэ тэмэмым тетыныр.

Къеджэныгъэр. Зыхуеджэ тхыгъэм, лэжьыгъэ къратым, пэжырытхэ хабзэ, нэгъуэщІ убзыхуныгъэхэм къеджэнымрэ ахэр къыгурыІуэнымрэ. Хэчыхьауэ къеджэныр: зыхуей зэреджэн материалыр къигъуэтыфыныр.

Тхэныр. Тхыгъэбзэмрэ жьэрыІуатэбзэмрэ зэщхьэщыгъэкІыныр. Пса-лъэухамрэ тхыгъэмрэ (текстымрэ) зэхэгъэщхьэхукІыныр. Тхыгъэм къы-тетхыкІыным. Къыздыпхуеджэр (къыбжаІэр) (псалъэу І5 – 20) пэжырытхэ хабзэ зэбгъэщІахэм тету птхыныр. Текстым тхыгъэкІэ утепсэлъыхьыжыныр (хъыбарым, къетхэкІыным щыщ зыхэлъ хъыбырым). Тхыгъэ мыин (сочиненэ) сабийхэм яфІэгъэщІэгъуэнын тематикэкІэ тхыным; хъуэхъу, письмо зэхэлъхьэныр (компьютерыр къэбгъэсэбэпуи).

ЕджакІуэхэр Іэмал имыІэу егъэсэн хуейщ къэзыухъуреихь дунейр зэхищІэу, анализ ищІу, информацэм елэжьыфу, гуп хэту лэжьэфу, и пащхьэ къалэн пыухыкІа иригъэувэрэ абы хуэунэтІауэ лажьэу, игъэзащІэ лэжьыгъэм езыр кІэлыплъыжрэ хъуари мыхъуари зэхигъэкІыфу, мыхъуахэри щІэмыхъуар къихутэфу икІи ахэр зэригъэзэкІэжыфыну Іэмалхэри къыхуэгъуэту. Системно-деятельностнэ бгъэдыхьэкІэр хуэунэтІащ сыт и лъэныкъуэкІи ныбжьыщІэ цІыкІум и къэухьми и зэфІэкІми зегъэужьыным.

Къэгъэлъэгъуа мурадхэр зыІэрыгъэхьа мэхъу еджакІуэм езым еджэныгъэм хуиІэ щытыкІэр, зыхуигъэувыж къалэныр, ар кызэргурыІуэр, езым и ІуэхуеплъыкІэр **(метапредметные универсальные учебные действия)**: еджакІуэм езым еджэныгъэм хуиІэ щытыкІэр ***(личностные)***, унэтІыныгъэ***(регулятивные),*** щІэныгъэ иІэным, щІэуэ зыгуэр къищІэным хущІэкъуныр (***познавательные***), хуиту псалъэмакъым хэшэныр, псоми бгъэдыхьэкІэ къыхуигъуэтыныр ***(коммуникативные),*** бзэ, бзэщІэныгъэ, культуроведческэ компетенцэхэр щызыхалъхьэкІэ икІи абыхэм зыщрагъэужькІэ.

Коммуникативнэ компетенцэр – бзэм къэгъэсэбэпыкІэу иІэ псоми, жьэрыІуатэбзэми тхыбзэми яхэлъын хуей культурэ лъабжьэми хуэІэрыхуэ ухъунырщ, еджакІуэр езым и ныбжь елъытауэ здыхэхуэ щытыкІэхэм бзэр къыщигъэсэбэпыфынырщ.

Бзэ, бзэщIэныгъэ компетенцэр – бзэр дамыгъэ системэу икIи жылагъуэ къэхъугъэу къэзыгъэлъагъуэ щIэныгъэм ущыгъуэзэнырщ, ар зэрызэхэлъым, зэрызиужьым, зэрилажьэм хэщIыкIынырщ; бзэщIэныгъэр зищIысыр пщIэнырщ, адыгэбзэм елэжьа щIэныгъэлIхэр пцIыхунырщ; адыгэ литературэбзэм и хабзэ нэхъыщхьэхэм утетынырщ; еджакIуэхэм я бзэр псалъэ зэрызэхэткIи, грамматикэ ухуэкIэкIи нэхъ къулей щIынырщ; бзэм къыщы-хъухэр зэпкърыхыфынырщ; бзэм и псалъалъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къэгъэсэбэпыфынырщ.

ЕджакIуэм езым еджэныгъэм хуиIэ щытыкIэр ***(личностные)*** **–** бзэр лъэпкъ щэнхабзэр къэзыгъэлъагъуэ формэу зэрыщытыр, лъэпкъым и бзэмрэ и тхыдэмрэ быдэу зэрызэпыщIар, адыгэбзэм къыщхьэщыкIыныгъэу, гъэщIэгъуэнагъыу хэлъхэр къыбгурыIуэнырщ, бзэм дахэу, щэныфIэу урипсалъэу зыбгъэсэнырщ.

Япэ классым еджакIуэхэр щегъэджэныр Iыхьищу бгуэш хъунущ: еджэкIэмрэ тхэкIэмрэ щыхуагъэхьэзыр лъэхъэнэ, азбукэр щрагъэдж лъэхъэнэ, азбукэ нэужь еджэныгъэ.

КъеджэкIэмрэ тхэкIэмрэ щыхуагъэхьэзыр лъэхъэнэм къызэщIеубыдэ (сыхь. I0):

Псалъэмрэ псалъэухамрэ. Дамыгъэ итхъахэр къагъэсэбэпаурэ бзэр псалъэухахэу, псалъэухахэр псалъэу, псалъэхэр пычыгъуэ-пычыгъуэу зэпаудыфу хуэм-хуэмурэ еджакIуэхэр егъэсэн.

Пычыгъуэр, ударенэр. Псалъэр пычыгъуэкIэрэ зэпыгъэщхукIын (зэпыудын), псалъэм ударенэр тегъэувэн (ударенэр макъкIэ къыхэгъэщхьэхукIын, ударенэр зытелъ пычыгъуэр нэхъ хэкъузауэ къэпсэлъаурэ), псалъэухам иIэ щытыкIэр, псалъэр зэрызэхэт пычыгъуэ бжыгъэр еджакIуэхэм къахутэфу егъэсэн хуейщ.

Макъхэмрэ хьэрфхэмрэ. Адыгэбзэм и макъэхэм щыгъэгъуэзэн, щызэхэпхкIи къыщупсэлъкIи макъзешэхэмрэ макъ дэкIуашэхэмрэ (дэгухэмрэ жьгъыжьгъхэмрэ) зэхэгъэкIыфу егъэсэн: макъыр къыщапсэлъкIэ жьэ кIуэцIым хьэуар хуиту къыжьэдэкIрэ абы зыгуэр пэщIэуэрэ, макъзешэхэм пычыгъуэ къагъэхъуу зэрыщытыр егъэщIэн.

Псалъэм макъ щхьэхуэхэр къыхэгъэщхьэхукIын (макъзешэ, макъ дэкIуашэ), псалъэр зэрызэхэт пычыгъуэхэмрэ макъхэмрэ яхузэпкъырыхын (псалъэм хэт макъхэм я бжыгъэр, ахэр зэрызэкIэлъыхьар, яIэ щытыкIэхэр IупщI щIын, ударенэр зытелъ пычыгъуэр къыхэгъэщхьэхукIын, псалъэм и къэпсэлъыкIэмрэ и тхыкIэмрэ зэхуэхьын, ар зэрызэхэт пычыгъуэхэмрэ макъхэмрэ къыщыгъэлъэгъуа схемэм иригъуазэурэ).

Макъхэр хэту псалъэ гуэрхэр къэгупсысын, псалъэм и къэпсэлъыкIэмрэ (абы и IукIэмрэ) ар зэрызэхэт макъхэм хуащIа схемэмрэ зэрызэхуэкIуэр гъэбелджылын.

Мы лъэхъэнэм и Iэмал нэхъыщхьэр псалъэр зэрызэхэт макъхэмкIэ зэпкъырыхынырщ, макъхэр псалъэу зэхэгъэувэнырщ, еджакIуэхэм я бзэм зегъэужьынырщ

Азбукэр щрагъэдж лъэхъэнэ (сыхь.79)

КъеджэкIэ егъэщIэныр

Макъзешэхэмрэ дэкIуашэхэмрэ, хьэрф зешэхэмрэ дэкIуашэхэмрэ.

Адыгэбзэм макъыу хэт псори егъэщIэн, нэгъуэщIым къипсэлъа макъыр и IукIэкIэ еджакIуэхэм къацIыхуфу, езыхэми а макъыр къапсэлъыфу егъэсэн.

Сыт хуэдэ зы макъми и зэрыб хьэрфри и Iэрытх хьэрфри егъэщIэн, макъыр зэхебгъэхмэ, абы и хьэрфыр къагъэлъэгъуэфын, хьэрфыр ебгъэлъагъумэ, абы хуэкIуэ (къикI) макъыр ягъэIуфу щытын хуейщ.

Хьэрфзешэхэм тещIыхьауэ пычыгъуэхэр зэпащIэу (зэпагъэувэу) къеджэн, хьэрф яджахэр зыхэт пычыгъуэхэм къеджэфу егъэсэн.

Хьэрф къыхэбзыкIахэр къагъэсэбэпурэ, пычыгъуэхэр псалъэхэр зэхалъхьэн (япэщыкIэ ахэр зэрызэхэт макъхэмрэ хьэрфхэмрэ зэпкъырыхауэ, абыхэм дахэ-дахэу къеджэн).

Къызэджэр къагурыIуэу, къеджэкIэ тэмэм яIэу, укъуэдияуэ пычыгъуэ-пычыгъуэрэкIэ макъ ягъэIуу псалъэ щхьэхуэхэм, псалъэуха мыинхэм, зытепсэлъыхьыр еджакIуэхэм къемыхьэлъэкI тхыгъэ кIэщIхэм къеджэн, хьэрфхэр тэмэму икIи зэрыхуэфэщэнкIэ псынщIэу къацIыхуным тещIыхьауэ, псалъэм къызэреджэнум хуэзыунэтI Iэмалхэр (япэ щIыкIэ пычыгъуэкIэрэ зыпыуда, абы иужькIэ пыгъуэхэр къызыхэмыгъэщахэри хыхьэу), ударенэр зытелъ пычыгъуэр (ар и дамыгъэмкIэ къыщыгъэлъэгъуар) къыхагъэщу.

Псысэхэм ящыщ Iыхьэ щхьэхуэхэм, усэ тынш дыдэм, сабий уэрэдхэм хэт псалъэхэм хуэдэхэр гукIэ зрагъэщIэн, ахэр япэ щIыкIэ егъэджакIуэм кIэлъыжаIэурэ тэмэму къапсэлъу зрагъасэу. Мы лэжьыгъэр тэмэму къызэгъэпэщыным мыхьэнэ иIэщ.

А щIыкIэм тету зрагъащIапхъэхэм ящыщщ «Адыгэ алфавит» жиIэу Багъ Н.А., Щоджэн Леонид и «ЦIыкIураш и хьэрфхэр»-м хыхьэ усэ цIыкIухэр. Япэ гъэ еджэгъуэм и кIэм псалъэ I5-20 хуэдиз зы дакъикъэм еджакIуэр пычыгъуэкIэ зэпыудауэ къеджэфмэ, тэмэмщ.

ТхэкIэ егъэщIэныр.

ЕджакIуэхэр тэмэму щысыным хуегъэсэн хуейщ. Ахэр щытхэкIэ зэрызэфIэсын хуей щIыкIэм егъэсапхъэщ: тетрадыр тэмэму (тIэкIу сэмэгурабгъумкIэ хуешэкIауэ щытын хуейщ. ЩытхэкIэ е сурэт щащIкIэ къэрэндащыр е къалэмыр тэмэму зэраIыгъын хуей щIыкIэр егъэщIапхъэщ ипэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ.

Хьэрфхэм я лъагагъын хуейр, абыхэм я зэхуакур (зэрызэпэщIэхар зыхуэдизыр) нэкIэ ягъэбелджылыфыным хуэзыгъасэ, Iэбэлагъым, Iэпэхэм зезыгъэужь лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIын: хъурей цIыкIу къегъэтхъыхьын, итхъахэмкIэ зэпыщIэн, тхыпхъэщIыпхъэ гуэрхэр егъэщIын, я IэщIыр егъэшытIэн.

ЕджакIуэхэм псалъэхэмрэ псалъэухахэмрэ къытрегъэтхыкIын (япэщIыкIэ Iэрытхым, иужькIэ зэрыбу тедзам). КъатратхыкIар тэмэмрэ мытэмэмрэ къэпщытэжын, къызытратхыкIам ирагъэпщэжурэ, пычыгъуэкIэрэ къеджэурэ, псалъэ къытратхыкIахэм пэжырытхэмкIэ щыуагъэ хэтрэ хэмытрэ зэпалъытэурэ.

Къабзэу тхэныгъэ. Еджэгъуэ щхьэхуэ хухахыркъым. Дэтхэнэ зы тхыгъэ лIэужьыгъэми къыдэкIуэу пэщIэдзэ классиплIми щыгъэзэщIэн хуейщ еджакIуэхэр къабзэу, дахэу, кьихыгъуафIэу икIи Iэмал зэриIэкIэ нэхъ псынщIэIуэу тхэф хъуным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр.

ТхэныгъэмкIэ ягъэзэщIэну лэжьыгъэхэр езанэ классым е еджэгъуэм и пэм е и кIэм хуэгъэзэн хуейщ, дакъикъи I0 хуэдизкIэ.

къызэкIэлъыкIуэкIэнур дэтхэнэ классми езым и программэм къыщыгъэлъэгъуащ, ахэр щагъэзэщIэну нэхъ къыщезэгъыр урокхэм деж езы егъэджакIуэр зэреплъкIэ игъэувыну хуитщ.

Жьабзэм зегъэужьыныр.

Адыгэбзэм и макъэр тэмэму къагъэсэбэпыфу егъэсэн. ЕджакIуэхэр щыпсалъэми нэгъуэщIхэм щедаIуэми зэхах бзэм абыхэм гулъытэ нэс хуащIу егъэсэн, макъ къэзыгъэлъагъуэ органхэм зегъэужьыным хущIэкъун. ПсалъэкIэмкIэ яIэ есэныгъэмрэ зэфIэкIхэмрэ егъэфIакIуэ зэпыту щыгъэтын: мыпIащIэу, зэпIэзэрыту псалъэным хуегъэсэн, щыпсалъэкIэ хьэуар тэмэму жьэдашэным, ику ит макъкIэ (мыкIийуэ икIи мыщэхуу) псалъэу, хуей щыхъум, макъым зрагъэIэту е ягъэлъахъшэу егъэсэн. Псалъэ псори къэпсэлъынымкIэ ягъуэта есэныгъэмрэ, яIэ хъуа зэфIэкIымрэ нэхъри егъэфIэ-кIуэн, псом хуэмыдэу ахэр зэрызэхэт макъ, пычыгъуэхэр, къэпсэлъыкIэм (орфоэпием) и хабзэхэм къезэгъыу, абы тещIыхьауэ ударенэр тэмэму псалъэм трагъэувэу. Адыгэбзэм и макъхэр тэмэму, щыуагъэншэу къэпсэлъыным, хуегъэсэн псынщIэрыпсалъэхэр, къебжэкIхэр, усэ цIыкIухэр, н. еджэгъуэ къэс къэгъэсэбэпкIэрэ. ЕджакIуэ щхьэхуэхэм я

бзэм дагъуэ зэриІэм къыхэкІыу, мытэмэму къапсэлъ макъхэр гъэзэкІуэжыным еджэгъуэм щелэжьын.

Псалъэм зэрелэжьыпхъэр. ЕджакІуэхэм ящІэ псалъэ бжыгъэр гъэбелджылын, абы хэгъэхъуэн икІи ахэр жыджэру къагъэсэбэпу егъэсэн. Псалъэхэр ІэкІуэлъакІуэу къэсэбэпын – предметхэм, Іуэхущіафэхэм зэреджэр – абыхэм къагъэлъагъуэ мыхьэнэр къыжаІэфын. Предметхэм я щытыкІэхэм тещІыхьауэ ахэр зэрызэгухьэ е зэрызэщхьэщыкІыр убзыхун, къызэщІэзыубыдэ мыхьэнэ зиІэхэмрэ (п.п. щыгъын: джанэ, гъуэншэдж, бостей. Іэлъэщі, пыІэ, вакъэ, н.) апхуэдэу щымытхэмрэ (п.п., сэ,уадэ, Іэдэ, лэныстэ, джыдэ, бел, н.) къагъэсэбэпыфу егъэсэн. Литературэбзэм темыхуэу щІыпІэ псалъэкІэхэм (диалектхэм) хуэдэу дызыщрихьэлІэ Іуэхугъуэхэр еджакІухэм я бзэм зэрыхэгъэкІыным ерыщу икІи зэпыугъуэ имыІэу елэжьыпхъэщ.

Псалъэухахэмрэ къэІуэтэныгъэ зэпхахэмрэ егъэлэжьыныр.

ЕджапІэм къыщІэмытІысхьэ щІыкІэ еджакІуэхэм бзэмкІэ (псалъэкІэмкІэ) ягъуэта есэныгъэхэр егъэфІэкІуэн, абыхэм зегъэужьын. ЕджакІуэм игъэува упщІэм егупсысауэ абы и жэуапыр гупсэхуу етын, жэуап щаткІэ псалъэуха лІэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэр къагъэсэбэпыфу егъэсэн.

Зыри дамыутІыпщыкІыу, зэбламыгъэувыкІыу, зэрыщытым хуэдэу, зэ жаІам къытрамыгъэзэжу псысэ е хъыбар кІэщІ гуэр къегъэІуэтэжын (егъэ-джакІуэм игъэув упщІэхэм теухуауэ).

Псалъэуха е тхыгъэ къызэджахэм теухуа егъэджакІуэм и упщІэхэм жэуап тэмэм иратыфу егъэсэн.

Къызэджа зы Іуэхугъуэ гуэрым ехьэлІа псалъэ зыбжанэ къагъэсэбэпурэ, жьэрыІуатэу зыгуэрым и сурэт къещІын. Зыщыгъуазэ гуэрыр затепсэлъыхьым пыщэн, езым къагупсыса гуэрхэр хэту. ЕджакІуэр къызэджа тхыгъэр зытепсэлъыхьым ещхьу езым и гъащІэм зыщрихьэлІа гуэр, егъэджа-кІуэм ярита сюжетым ипкъ иткІэ, гупсэхуу къаІу-атэжыфу егъэсэн.

Сабийхэм я ныбжьым хуэкІуэу къуажэхьхэм убгъуауэ тепсэлъыхьын, усэ цІыкІу, псынщІэрыпсалъэ, псалъэжь, къебжэкІ гуэрхэр гукІэ зрегъэгъэ-щІэн, ахэр зытеухуар къаІуатэжыфу, хуэфэщэн къэпсэлъыкІэкІэ макъ зэ-хъуэкІ ящІыфу егъэсэн.

Зы сурэт гуэрым е сурэт зытІущым япкъ иткІэ псалъэуха зыбжанэ зэхегъэлъхьэн, зы Іуэхугъуэ гуэркІэ (темэкІэ) къызэщІэубыда хъууэ е хъыбар кІэщІ цІыкІу зэхегъэлъхьэн.

Адрей сабийхэм къат жэуапым набдзэгубдзаплъэу, гуапэу хущыту (ауан, щIэнакIэ сыт хуэдэхэр Iуэхум хэмылъу) щIэдэIуу еджакIуэхэр егъэсэн, абыхэм есэныгъэфIрэ щIэныгъэфIрэ егъэгъуэтын.

Азбукэ нэужь лъэхънэ (сыхь.I0)

Мы лъэхъэнэм макъхэмрэ хьэрфхэмрэ яухауэ азбукэм ит тхыгъэхэм еджэн щIадзэ. ЕджапIэм къыщIэмытIысхьэ щIыкIэ еджакIуэхэм бзэмкIэ (псалъэкIэмкIэ) ягъуэта есэныгъэхэр егъэфIэкIуэн, абыхэм зегъэужьын хуейщ. ЕджакIуэм игъэува упщIэм егупсысауэ абы и жэуапыр гупсэхуу ириту, жэуап щаткIэ псалъэуха лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэр къигъэсэбэпыфу егъэсэн хуейщ.

Зыри дамыутIыпщыкIыу, зэбламыгъэувыкIыу, зэрыщытым хуэдэу, зэ жаIам къытрамыгъэзэжу псысэ е хъыбар кIэщI гуэр къаIуэтэжыфын, къызэджа зы Iуэхугъуэ гуэрым ехьэлIа псалъэ зыбжанэ къагъэсэбэпурэ, жьэрыIуатэу зыгуэрым и сурэт ящIыфын, зыщыгъуазэ гуэрыр зытепсэлъыхьым пыщэн, езым къагупсыса гуэрхэр хэту. ЕджакIуэр къызэджа тхыгъэр зытепсэлъыхьым ещхьу езым и гъащIэм зыщрихьэлIа гуэр, егъэджакIуэм ярита сюжетым ипкъ иткIэ, гупсэхуу къаIуатэжыфу егъэсэн.

Сабийхэм я ныбжьым хуэкIуэу къуажэхьхэм убгъуауэ тепсэлъыхьын, усэ цIыкIу, псынщIэрыпсалъэ, псалъэжь, къебжэкI гуэрхэр гукIэ зрегъэгъэщIэн, ахэр зытеухуар къаIуатэжыфу, хуэфэщэн къэпсэлъыкIэкIэ макъ зэхъуэкI ящIыфу егъэсэн. Зы сурэт гуэрым е сурэт зытIущым япкъ иткIэ псалъэуха зыбжанэ зэхегъэлъхьэн, зы Iуэхугъуэ гуэркIэ (темэкIэ) къызэщIэубыда хъууэ е хъыбар кIэщI цIыкIу зэхегъэлъхьэн. Адрей сабийхэм къат жэуапым набдзэгубдзаплъэу, гуапэу хущыту (ауан, щIэнакIэ сыт хуэдэхэр Iуэхум хэмылъу) щIэдэIуу еджакIуэхэр егъэсэн, абыхэмкIэ есэныгъэфIрэ щIэныгъэфIрэ егъэгъуэтын.

